# Г1ан

**Г1енах хьо сийсара дуьхьала тийсира,
Сирла са хиллалц хьистира ахь со.
Самах хьегна безам г1енаха ас ийцира,
Дуьххьара санна езара хьо.** **2 раза**

**Там хилла дагна , хьан б1аьра хьоьжуш,
Сай хьаьъна безам ас балхийра.
Ахь тоххар санна, соьх д1а ца къехкаш,
Везарца эсал со хьистира.** **2 раза**

**Воьлура со хьуна, йоьлура хьо суна,
Деларца декара безаман ирс.
Сама х1унда велира хаац-кха суна,
1уьренца хадош безаман ирс.** **2 раза**

**Дог карзах даьлла безаман шовкъехь
Хьо йолчу г1ерта, саца ца луш.
Г1о вайшиъ бертахь дахаран новкъа,
Вайшинний дегнаш махкана луш.** **2 раза**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)